



Re-ouvèti New York

Direktiv Rechèch Edikasyon Siperyè pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout etablisman rechèch edikasyon siperyè nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#), ansanm ak aktivite rechèch nan tout eta a ke yo te deja pèmèt anvan sa pou opere kòm esansyèl. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Rechèch Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education Research) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout administratè/operatè etablisman rechèch edikasyon siperyè yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite rechèch edikasyon siperyè yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik yo Rekòmande yo |
|----------------------|---|---|
| Distans Fizik | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou tout aktivite rechèch, k ap fèt andedan, total moun ki okipe espas la limite a 50% okipasyon maksimòm pou yon espas patikilye jan li fikse nan sètifika okipasyon an. ✓ Yo dwe kenbe yon distans omwen 6 pye ant moun yo tout tan, sof si aktivite prensipal la egzijje yon distans ki pi kout. Tout tan moun yo dwe vini a 6 pye pa rapò a yon lòt moun, yo dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab. ✓ Lè y ap kalkile kapasite etablisman epi respekte tout distans, PPE ak lòt egzijans pou anplwaye ki nan gid sa, yo dwe konsidere sijè rechèch imen yo. ✓ Limite reyinyon sou plas jan sa posib. ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl antre nan sit la, nan mezi sa posib. | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Chanje itilizasyon epi / oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay (pa egzanp ban nan laboratwa) yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen 6 pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lòt youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas travay yo san yo pa netwaye epi dezenfekte apre chak itilizasyon. ✓ Minimize kantite moun ki nesèsè pou nan yon kote nan yon moman kèlkonk. Limite aktivite yo a sèlman moun kote yon moun ka konplete aktivite a nan tout sekirite (pa egzanp yon moun prezan pou bay bèt yo manje). ✓ Ankouraje anplwaye yo ki manevre ekipman espesyalize ki ka kontwole a distans yo, pou fè sa. ✓ Entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas (paregzanp asansè, sal anplwaye), sòf si tout moun kouvri figi yo. Si yo genyen plis pase yon moun, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan. ✓ Ankouraje anplwaye yo travay depi lakay yo lè sa pratik epi devlope retou nan biwo pa etap pou anplwaye yo ki baze sou faktè tankou fonksyon, transpò sekirize, ak kapasite pou travay a distans. ✓ Evite plizyè ekip oswa moun k ap travay nan yon menm kote lè yo espase travay yo pwograme yo epi lè yo itilize siy pou endike zòn ki okipe yo. ✓ Redwi sikilasyon a pye nan de sans pandan n'ap afiche pano ak flèch nan lale, koulwa, oswa espas etwat yo. ✓ Limite entèraksyon sou plas (pa egzanp limite aksè nan sal poz, repati orè yo) ak mouvman yo (pa egzanp, anplwaye yo dwe rete toupre espas travay yo pi souvan ke posib). ✓ Fèmen komodite ak espas komen ki pa esansyèl yo ki fè pwomosyon reyinyon oswa sifas moun touche anpil. ✓ Itilize tele-oswa videyo-konferans lè sa posib. |

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv Rechèch Edikasyon Siperyè pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout etablisman rechèch edikasyon siperyè nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#), ansanm ak aktivite rechèch nan tout eta a ke yo te deja pèmèt anvan sa pou opere kòm esansyèl. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Rechèch Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education Research) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout administratè/operatè etablisman rechèch edikasyon siperyè yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite rechèch edikasyon siperyè yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik yo Rekòmande yo |
|---------------------------------|---|---|
| Distans Fizik (kontinye) | | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Itilize tep pou afiche mak distans sosyal la oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun itilize ak lòt zòn kote moun ka reyini (pa egzanp: estasyon pou tcheke antre/soti, ban nan laboratwa) ✓ Make sèk 6 pye distans toutotou estasyon travay yo ak lòt zòn travay fiks komen. ✓ Mete anplas politik enskripsyon pou itilize laboratwa / etalisman an. |
| Ekipman Pwotektif | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Bay anplwaye yo yon pwoteksyon figi akseptab gratis epi prepare yon apwovizyonman pwoteksyon sifizan nan ka gen nesosite pou ranplasman. ✓ Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo ak mask pwoteksyon vizaj yo. Men, kachnen an twal, ki ka jete, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon ki pi wo poutèt nati travay la (pa egzanp si y ap travay ak materyèl eksplozif oswa pwodui chimik, asire yo mete kouvèti vizaj ki rezistan ak flam). ✓ Netwaye, ranplase ak entèdi pataj pwoteksyon figi. Konsilte direktiv CDC a pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon figi an twal ak lòt kalite ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon, netwayaj ak dezenfeksyon. ✓ Fòme anplwaye yo sou fason pou mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), ak jete PPE yo. ✓ Limite pataj objè, tankou zouti, machinri, ekran taktil ak veyikil, ansanm ak touche sifas moun pataje; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak. | |

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv Rechèch Edikasyon Siperyè pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout etablisman rechèch edikasyon siperyè nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#), ansanm ak aktivite rechèch nan tout eta a ke yo te deja pèmèt anvan sa pou opere kòm esansyèl. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Rechèch Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education Research) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout administratè/operatè etablisman rechèch edikasyon siperyè yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite rechèch edikasyon siperyè yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik yo Rekòmande yo |
|--|--|--|
| Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis sou sit la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Bay epi kenbe pòs ijyèn men nan etablisman an, sa gen ladan savon, dlo, ak sèvyèt papye pou lave men, epitou dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen ladan omwen 60% alkòl pou zòn kote lave men pa disponib oswa pa pratik. ✓ Bay founiti pou netwaye/dezenfekte epi ankouraje patisipan yo sèvi avèk yo anvan ak apre itilizasyon sifas lòt moun itilize ak manyen souvan, epi pratike ijyèn men apre sa. ✓ Asire ke ekipman sa netwaye epi dezenfekte regilyèman, omwen osi souvan ke anplwaye yo chanje estasyon travay. ✓ Netwaye epi dezenfekte sit la regilyèman epi reyalize netwayaj ak dekontaminasyon pou espas ki anba gwo risk moun itilize yo ak pou sifas yo touche souvan yo lè w itilize pwodwi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Agency, EPA) idantifye kòm pwodui ki efikas kont COVID-19. ✓ Netwayaj ak dekontaminasyon rigoure dwe fèt omwen apre chak chanjman ekip, chak jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè. ✓ Bay netwayan ak dezenfektan pou netwaye epi dezenfekte zòn ki ekspozè yo nan ka yo konfime yon moun genyen COVID-19, ki enkli omwen tout zòn ki gen anpil mouvman ak sifas yo touche anpil (pa egzanp, tab laboratwa, asansè antre etablisman an, eskanè badj, ranp nan talèt yo, ekipman, manch pòt). ✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa nan stil bifè.) | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van k'ap soti deyò a (egz: ouvèti fenèt ak pòt) pandan n'ap kenbe prekosyon sekirite yo. |

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv Rechèch Edikasyon Siperyè pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout etablisman rechèch edikasyon siperyè nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#), ansanm ak aktivite rechèch nan tout eta a ke yo te deja pèmèt anvan sa pou opere kòm esansyèl. Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Rechèch Edikasyon Siperyè" (Interim COVID-19 Guidance for Higher Education Research) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout administratè/operatè etablisman rechèch edikasyon siperyè yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite rechèch edikasyon siperyè yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

| | Obligatwa | Pi bon Pratik yo Rekòmande yo |
|---------------------|---|---|
| Kominikasyon | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo. ✓ Afiche siyalizasyon nan tout sit la pou raple responsab yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Devlope yon plan kominikasyon ak yon mwayen konsistan pou bay enfòmasyon resan. Konsidere devlope sitwèb epi itilize rezo sosyo. ✓ Kowòdone ak ekip rechèch yo pou detèmine si gen vizitè ki pa esansyèl ki pwograme pou antre nan etablisman an. |
| Depistaj | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete anplas pratik depistaj sante (paregzanp kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo ak, lè sa posib, pou vizitè yo, men yo pa dwe egzije evalyasyon sa yo pou kliyan yo ak pèsònèl livrezon an. ✓ Depistaj la dwe detèmine si anplwaye oswa vizitè a te genyen (1) sentòm COVID-19 nan 14 jou ki pase yo, (2) te teste pozitif pou COVID-19 nan 14 jou ki pase yo ak/oswa (3) kontak pwòch oswa dirèk avèk ka COVID-19 ki sispèk oswa konfime nan dènye 14 jou yo. ✓ Avize depatman sante eta ak lokal la touswit de nenpòt ka ki pozitif COVID-19. ✓ Idantifye yon pwen kontak antanke pati pou anplwaye ak vizitè yo pou ka enfòm yo si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a. | <ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depistaj yo lwen (egz: pa ankèt telefòn oswa elektwonik), avan anplwaye ak vizitè yo prezante nan etablisman an, tout tan sa posib. ✓ Anpeche moun yo melanje nan kontak pwòch youn ak lòt anvan depistaj la fini. ✓ Verifikasyon tanperati ka fèt chak jou ka fèt pa Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. ✓ Moun k ap fè evalyasyon yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen epi mete bonjan PPE, sa gen ladan ominimòm, bagay pou koufri figi yo. ✓ Kenbe yon rejis pou chak moun, ki enkli anplwaye ak vizitè yo, ki gendwa gen kontak sere ak lòt moun nan sit oswa epas rasanbleman an; san konte livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo. Kontak yo kapab idantifye, retrace epi avize tout kontak yo, nan ka yon anplwaye oswa vizitè ta dyagnostike avèk COVID-19. ✓ Ale li konsèy DOH konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la. |